К-9-1

938

# АДЫГЭБЗЭМРЭ ЛИТЕРАТУРЭМКIЭ ОЛИМПИАДЭ

## 9 КЛАСС

**1.** Пычыгъуэ *йэ* къэтпсэлъу, хьэрф *е* щатх псалъэхэр къэвгъуэти, щIэфтхъэ
*Дуней, епэр, чей, махуае, тире, елэн, тыкуэнтет, тебэ.* +

**2.** Псалъэ лъабжьэм префикс пыувэныгъэкIэ къэхъуауэ, щапхъищ тхын:

а) Содкэ
б) Къэкlуэ
в)

±

**3.** Антоним, синоним зэхуэхъу псалъэхэр мы адыгэ псалъэжьым къыщокIуэ:

а) «Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ»;
б) «Насыпыншэм, махъшэ тесми, хьэ къодзакъэ»;
в) «Ин жыIэ цIыкIу Iуатэщ»;
г) «Пэжыр хущхъуэщ, пцIыр щхъухьщ».

—

**4.** НэгъуэщIыбзэм къыхэкIа псалъэхэр щIэтхъэн:

*Лъагъуныгъэ нэсым, пэжыгъэкIэ псыхьам зыри пэлъэщынукъым, жьыбгъэми, уэшхми, уэсми, зэманми яхуэмыпхъэх къуршу, сыт хуэдэ гуауэми бэлыхьми ар пэщIэтыфынущ.* +

**5.** Псалъэухам хэт псалъэ къэс зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэр гуэтхэн:

*Уэсэпсыр* щыгъуэ *жэщкIэ* наречие *уэру* наречие *къехыу* деепричастие *хуеижьащи,* глагол *иджы* наречие *нартыхум* щыгъуэ *псынщIэу* наречие *зреч* глагол. +

**6.** Адыгэбзэ наречиехэм наречие къатокI

(а) союз-суффикс *-и*-кIэ;
б) суффикс *-у /-уэ*-кIэ;
в) суффикс *-дэ*-кIэ;
г) суффикс *-рэ*-кIэ.

+

**7.** Мы псалъэухам хэт псалъэхэр зэкIэлъызыхь союзкIэ зэпхакъым:

а) Къуршхэри, мэзхэри, тафэхэри – псори нэщхъейхэт;
б) А жэщым щIылъэмрэ уафэмрэ щIэращIагъэкIэ зэхьэзэхуэ хуэдэт;
(в) Е еша, е мыузыншэ – хъуауэ пфIощIыр щхьэх;
г) «Си адэм Хьэжым и шы IумпIэр иубыдащ икIи кърИгъэпсыхащ.

+

**8.** Пкъыгъуэ нэхъыщхьитIри зиIэ псалъэухам лъабжьэ хуохъу:

(а) подлежащэмрэ сказуемэмрэ;
б) прямой дополненэмрэ сказуемэмрэ;
в) определенэмрэ сказуемэмрэ;
г) обстоятельствэхэмрэ сказуемэмрэ.

+

**9.** Мы псалъэухам подлежащэ хэткъым:

а) Мусэ Мурат дежкIэ хуэму маплъэ;
б) Сэри сыджалъэу сетIысэхащ;
(в) ГъуэгунапщIэм тет зы Iуащхьэ цIыкIу гуэрым сыдэкIуеящ;
г) Губгъуэм щыпсэу псэущхьэхэм я макъхэр дэнэкIи къыщыIурт.

+

**10.** *Лабэрэ Псыжьрэ я тIуащIэм, гъуэгур зэхуэдитI щыхъум деж, къуэшхуэ гуэр щызэпрыдзащ.* Псалъэухам хэт «тIуащIэ» псалъэм и купщIэр гъэбелджылын_________________________, «Псыжь» урысыбзэкIэ зэреджэр тхын_______________.

**11.** Псалъэухам нэгъыщэхэр хэгъэувэжын: *Удзхэм, пщIанэхэм, мазэ лъандэрэ къемышха уэшхым зыхуагъэгусэ щIыкIэу, сабэм иуа я тхьэмпэ лалэхэр щIым траубгъуэрт.*

**12.** Адыгэ джэгуакIуэхэм щыщу, узыщыгъуэзэхэм я цIэ-унэцIэ тхын:

а) Абезэ Къэмбот
б) Агънокъуэ Лашэ
в) Сызэгъэ Къы
г)___________
д)___________

**13.** Къызэралъхурэ мы гъэм илъэси-115-рэ ирикъуащ

а) КIыщокъуэ Алим;
б) ЩоджэнцIыкIу IэдэмI;
в) ЩоджэнцIыкIу Алий;
г) ЩоджэнцIыкIу Нурий.

**14.** *Жынгызмэ и нып фIыцIэжьыр*
*Адыгэм жьауэ хуэхъункъым,*
*Темыр лъашэ кърихъэпс дыгъэкIи*
*Iуащхьэмахуэ уэсыр текIынкъым.*

Мы псалъэхэр зытхар ЩоджэнцIыкIу Алий.

**15.** *Уэрэд щевгъэускIэ*
*Нэсу пкъырывгъэплъ:*
*Пшыналъэр бгъунлъэм,*
*Лъэпкъыр мэукIытэ* – псалъэхэр зейр_______________.

**16.** Лироэпическэ жанрым и лIэужьыгъуэу, къызэраIуэтэж сюжет зиIэ усыгъэ IэдакъэщIэкI иным ИДЭИЭ йоджэ (терминыр дэтхэжын)

Проверила [signature]